



Area Agency on Aging  
of Broward County



DEMENIA  
CARE & CURE INITIATIVE  
FLORIDA DEPARTMENT OF ELDER AFFAIRS  
Developing Dementia-Caring Communities Across Florida

Ankouraje moun kap bay

# Konferans sou preparasyon pou katastwòf



Lendi 30 Jen 2025 2025

9:00am - 1:00pm

Flamingo Park Meeting Hall

12855 NW 8th St. Sunrise, FL 33323

# NIMEWO ENPÒTAN

Ijans	911
Èd telefonik 24 sou 24 pou pwoblèm sante ak sèvis sosyal	211
Liy telefòn dirèk nan Broward konte pou siklòn	311 or 954-831-4000
Jesyon ijans Broward pou enskripsyon nan refij pou bezwen espesyal	954-831-3902/ TTY 954-831-3940
Liy telefòn dirèk distri skolè konte Broward	754-321-0321
Liy telefòn dirèk FEMA	1-800-621-3362 / TTY 1-800-462-7585
Jesyon ijan konte Broward	954-831-3900
Swen ak adopsyon bêt konte Broward	954-359-1313
Asirans—Sèvis èd telefonik nan ka siklòn depatman sèvis finasye Eta florid	1-800-22-STORM (78676)/ TTY 1-850-413-3089
Liy telefòn dirèk pri ki wo anpil	1-866-966-7226
Biwo anviwònman ak konsomatè konte Broward Proteksyon	954-357-5350
Sèvis jesyon fatra solid ak resiklaj konte Broward	954-765-4999
Sèvis transpò adapte konte Broward	1-866-682-2258
Transpò komen konte Broward	954-357-8400 / TTY 954-357-8302
Enfòmasyon sou	954-563-HELP / 954-563-4357

Rete konekte ak nou, anvan, pandan, ak apre siklòn!

Chè zanmi:

Byenvini nan konferans sou preparasyon pou katastwòf pou moun k ap bay swen yo. Nou kontan w la.

Pandan n ap viv Florida, nou tout knownen ki jan yon siklòn ka vin tounen yon ijans serye. Siklòn, inondasyon, ak chalè ekstrèm fè pati lavi bèl Eta nou an, men avèk bon preparasyon, nou kapab rete an sekirite e pwoteje moun nou pi renmen yo.

Granmoun yo fè fas ak kèk defi espesyal lè gen katastwòf. Prèske 70% moun k ap viv Florida gen 65 an e plis epi pifò ap viv omwen ak yon pwoblèm sante kwonik, e anpil depann de elektrisite pou bezwen medikal yo ekipman, transpò pou evakyasyon oswa moun k ap bay swen pou travay chak jou yo. Amenmtan, moun k ap bay swen yo souvan gen responsabilite pou planifye alavans pou yo e pou moun ki pwòch yo. Se pa yon ti travay—men w pa oblige fè l poukont ou.

Konferans sa fèt espesyalman pou ou—granmoun k ap fiv Florida ak fanmi yo, zanmi ak vwazen k ap pran swen yo. Objektif nou se ba w zouti, konsèy, ak konfyans pou w prepare anvan yon katastwòf vini. Men kèk rapèl kle pandan w ap patisipe nan evènman jodi a:


- Enskri nan pwogram lojman pou bezwen espesyal konte w la si w depann de oksijèn, elektrisite oswa swen medikal. Chak konte Florida ofri sèvis sa gratis.
- Prepare “valiz sekou” ki gen ladan omwen medikaman pou 7 jou, founiti medikal, manje, dlo ak kopi dokiman enpòtan.
- Kenbe lis kontak ijans ki gen ladan doktè, famasyen ak moun k ap bay swen lokal yo ajou. Prepare yon plan pou bèt konpayi yo: anpil refij aksepte yo, men se pa tout donk verifye alavans.
- Enskri nan alèt ijans konte w la epi rete enfòme ak nouvèl lokal yo pandan sezón siklòn nan. (1 jen – 30 novanm).

Jodi a ou pral tandé moun ki konprann sa sa siyifi pou prepare pou siklòn, pran swen moun pa yo, ak retabli apre kastwòf. Pran tan pou w poze kesyon, pataje pwòp istwa w, e konekte ak lòt moun ki la pou ede.

Mèsi pou fè pati jounen enpòtan sa. Ansanm, nou ka prepare, pwoteje, e sipòte youn lòt—anvan, pandan, e apre kèkeswa siklòn ki vini nan zòn nou.

Mwen swete nou sekirite ak trankilite ak tou kè mwen.

Salitasyon,



Charlotte Mather-Taylor

Ofisyè Chèf Egzekitif, AAABC





Area Agency on Aging  
of Broward County



## KONEKTE GRANMOUN YO AK SÈVIS YO

- LIY ÈD - SÈVIS REFERANS
- KONSEY MEDICARE
- PWÒGRAM SWEN MEDICAID POU TAN KI LONG, RADYOGRAFI, BENEFIS AK ÈD POU KALIFYASYON
- ÈD MANJE
- KNEKSYON AK REASIRANS TELEFÒN
- ENÈJI KAY IJANS ÈD
- ÈD LAKAY
- TI REPARASYON KAY
- KOU SANTE & BYENNÈT
- SOUTYEN POU MOUN K AP BAY SWEN
- ÈD LEGAL
- SOUTYEN POU GRAN PARAN
- SANT POU GRANMOUN & GADRI
- PWOGRAM TEKNOLOJI POU GRANMOUN
- SÈVIS ALZAYMÈ & DEMANNTCHA

### RELE

954.745.9779 (LIY TELEFÒN POU ASISTANS)

### SITWÈB

ADRCBROWARD.ORG



Elder Affairs  
FLORIDA

# AJANNDÀ KONFERANS

## Anrejistremàn & kafe

9:00 a.m.- 9:30 a.m.

## Byenvini

Charlotte Mather-Taylor, PDG, Ajans rejyonal pou vyeyisman nan Konte Broward Komisè Konte Broward ak Prezidan Konsèy AAABC Senatris Nan

9:30 a.m.- 9:40 a.m.

## Mete pwòp plan entèvansyon w sou pye: resous ki a dispozisyon w & ak ki sa w ap atann ou- Pati I

9:40 a.m.- 10:40 a.m.

## Konstui Pwòp Plan Repons Ou - Resous Ki Disponib Pou Ou Ak Sa Ou Ka Atann - Pati II

10:40 a.m.-11:40 a.m.

## Dejene

10:40 a.m.-11:40 a.m.

## Sezon siklòn ak sezon chalè

## Bilan konferans

12:40 p.m.-1:00 p.m.

# **METE PWÒP PLAN ENTÈVANSYON W SOU PYE: RESOUS KI A DISPOZISYON W & AK KI SA W AP ATANN OU- PATI I**



## **Nancy Dzoba**

### **Responsab volontè kominotè Lakwa wouj ameriken**

Nancy Dzoba te kòmanse karyè I nan kominikasyon sekirite piblik nan ane 1976 nan Vil Fort Lauderdale, kote li te okipe pòs nan direksyon sant lapolis ak sant ponpye/sekou yo. Li se ekspè ki gen renome nan entèwoperablite ki te sèvi nan fonksyon Rejyonal ak

Nasyonal tou li se prezidan gwoup travay sou kominikasyon entèwoperab pou pati sekirite domestik nan Florid, I ap dirije gwo efò kowòdinasyon ant ajans ak reprezantan Florid yo nan fowòm nasyonal yo.

Apre li te fin pran retrèt nan gouvènman an, li te travay kòm yon ekspè nan domèn nan pou Pwogram Asistans Teknik nan Kominikasyon Entèwoperab (ICTAP) nan Depatman Sekirite Entèn Etazini an soti 2010 rive 2021, kote li t ap sipòte inisyativ nasyonal pou fòmasyon ak planifikasyon.

Nancy se te yon manm APCO Entènasyonal depi plis pase 35 ane epi li te resevwa tit Manm avi nan ane 2004. Li kontinye sèvi kominote li a atravè travay volontè nan Lakwa Wouj Ameriken, nan Depatman Ponpye nan Plantasyon CERT, ak Klèb pou Fi nan Plantasyon.



## **Andrea Busada**

### **Direktris Divizyon Sèvis pou Granmoun ak Veteran nan Konte Broward**

Andrea Busada se Direktris Divizyon Sèvis pou Granmoun ak Veteran nan Konte Broward la, ki te sèvi kòm Ajans Prensipal Swen Kominotè pou Granmoun (CCE) depi 1986. Nonselman li se Ajans

Prensipal Swen Kominotè pou Granmoun (CCE), men tou Divisyon an pwopoze yon pwogram lojman tranzisyonèl; de pwogram sibvansyon swen pou konsomatè; sèvis pou veteran; èd finansyè ann ijans; tès depistaj ak konsèy sou sante mantal, jesyon medikaman, fòmasyon ak sipò pou moun kap bay swen nan OAA Tit IIIE pou anviwon 3 200 rezidan nan Konte Broward chak ane. Li se ansyen prezidan Konsèy Administrasyon FASP la; reprezantan Distri X nan Konsèy Administrasyon FCOA a; yon manm nan Gwoup Travay Inisyativ Swen ak Gerizon Demans Broward la; yon manm nan Komite Konsilitatif pou Moun k ap Pran Swen Moun ki Granmoun nan Konsèy Developman Andikap Florid la; epi li travay kòm Direktris Adjwen Branch Sèvis Sosyal lè gen ijans. Li te fè yon rapò bay Abri Operasyon Ijans Konte Broward la pou chak aksyon siklòn depi ane 2004, tout pandan li t ap travay nan chak evènman sa yo. Li gen yon lisans nan Jesyon Biznis nan Invèsite Maryland Robert H. Smith School of Business.



## **Paul Stroblis**

**Direktè, Asistan Direktè Jeneral Divizyon**

**Paratranzit TOPS nan Konte Broward la, Transpò adapte, Navèt Kominotè ak Transpò sou Kontra – Tranzit nan Konte Broward la**

Paul se yon pwofesyonèl transpò piblik ki gen byen konnen domèn nan ak 24 ane eksperyans nan bay ak jere kontra paratranzit, sèvis. Paul te kòmanse karyè paratranzit li nan travay pou Massachusetts Bay Transportation Authority nan Boston e depi 2011 Paul ap jere Pwogram Paratranzit BCT a avèk siksè. Tou dènyèman la, Paul te pran vin responsab Navèt Kominotè a ak pwogram kontra wout fiks yo tou. Paul responsab kreyasyon ak enplantasyon pwogram Rider's Choice la tou. Pwogram sa a bay plis opsyon mobilite nan menm jou a ki pa t disponib anvan pou kominote andikape Broward la. Paul responsab pwogram Late Shift Connect BCT a tou, yon pwogram ki bay transpò sou demann ak transpò dirèk pou travayè ki travay nan nuit jou yo lè sèvis transpò regilye pa disponib jeneralman.



## **Doug Brightwell, MBA**

**Direktè Divizyon Swen ak Adopsyon Animal nan Konte Broward**

Kòm Direktè Swen Animal nan Konte Broward, Doug Brightwell pote plis pase 20 ane lidèchip konplè nan byennèt animal nan ajans ofisyèl adopsyon ak pwoteksyon animal nan dezyèm pi gwo konte nan Florid la.

Pasyon li pou pran swen animal, konbine avèk angajman li nan sèvis piblik la, fè l tounen yon moun remakab nan domèn nan.

Anvan bèl karyè li nan sèvis animal, Doug te sèvi avèk onè nan de branch Fòs Ame Etazini yo —Fòs Aeryen an ak Marin. Eksperyans sa yo te ede l gen bonjan sans disiplin, entegrite, ak yon motivasyon pou sèvi lòt moun. Sou baz bon fondasyon sa, li te jwenn yon Lisans nan Syans pou Administrasyon Biznis ak yon Metriz pou Administrasyon Biznis ki fokis sou Jesyon Resous Imèn nan Inivèsite Auburn. Li te itilize edikasyon ak eksperyans li yo pou l sèvi nan pòs enpòtan nan ajans animal sektè prive ak piblik nan Tennessee ak Florid Santral.

Antanke yon Administratè Byennèt Animal sètifye, Doug kwè nan etabli pi wo standa swen pou animal pandan l ap bay rezidan yo yon sèvis san parèy. Filozofi li mete aksan sou edikasyon ak kolaborasyon kòm yon fondasyon pou byennèt animal efikas, ak aplikasyon lalwa kòm yon dènye rekou.

# **KONSTUI PWÒP PLAN REPOS OU - RESOUS KI DISPONIB POU OU AK SA OU KA ATANN - PATI II**



**William Condon**

**Jesyon Ijans Sèvis Imen Konte Broward –  
Swen Masif**

Plis pase 20 ane eksperyans nan jesyon ijans ak operasyon abri pou asire sekirite rezidan Konte Broward yo pandan yon evakyasyon ijans.

## **Eksperyans nan Jesyon Ijans**

Plis pase 20 ane eksperyans nan repons a katastwòf, kowòdinasyon jesyon ak operasyon abri.

- Siklòn Irene ak Gwo Tanpèt Sandy – NJ
- Siklòn Matthew ak Siklòn Irma – FLORID
- Fiziyad nan Ayewopò Fort Lauderdale
- Inondasyon Fort Lauderdale – 2023

## **Kontribusyon Pwofesyonèl**

- Direktè – Manm Konsèy Kowalisyon pou rekiperasyon alontèm Konte Broward – Rezo Prezbiteryen pou Asistans Dezas nan Florid
- Komite Konsilitatif pou Lojman Abòdab nan Fort Lauderdale (nominasyon politik) Eta Florid – Gwoup Travay Inite Lojman Oksilyè
- Gwoup travay nasyonal sou swen gwoup travay reyinifikasyon nasyonal

Lòt:

- Ansyen – Premye Legliz Presbiteryen Fort Lauderdale



**Natasha Strokin**

**Direktè kòperatif jesyon Ijans  
Memorial Healthcare System**

Natasha Strokin rejwenn Memorial Healthcare System an Novanm 2019 kòm Direktris preparasyon pou Ijans. Li gen yon metriz nan administrasyon publik ak yon sètifikasi etid siperyè nan Sekirite entèn ak jesyon ijans nan invèsite entènasyonal Florid, epi l te resevwa sètifikasi jesyon ijans pwofesyonèl Florid an 2023. Li sipòte planifikasyon ijans, fòmasyon, ak repons pou sis lopital ak plizyè antite operasyonèl.

Anvan sa, Natasha te direktris preparasyon sante publik rejyon 7 Depatman sante Florid, kote li te dirije planifikasyon ijans, kowòdinasyon abri, ak efò entèvansyon medikal. Li te jwe yon wòl kle nan entèvansyon kont Zika ak Ebola epi li te kowòdone efò vaksinasyon an mas pandan epidemi grip H1N1 an 2009.

Li kolabore aktivman avèk kèk patnè lokal, reyonal ansanm ak leta pou amelyore preparasyon epi kounye a l ap sèvi nan konsèy egzekitif gwoup kowòdinasyon sekirite domestik Florid la antanke prezidan sante ak medikal pou rejyon 7 la.



## **Chief Brian Davis** **Chèf Divizyon, Sunrise Fire-Rescue**

Chèf Brian Davis ap sèvi kounye a antanke Chèf Divizyon nan Sunrise Fire-Rescue, kote li te dedye plis pase de deseni nan sèvis kominate a. Li te kòmanse karyè li ak Sunrise Fire-Rescue an 2004 antanke yon ponpye paramedik.

Grasa yon angajman solid anvè lidèchip la ak devlopman pwofesyonèl, li te pran grad—li te sèvi kòm Lyetnan, kapitèn ponpye, ak chèf batayon—anvan yo te mete I nan pozisyon chèf divizyon an 2020.

Depi 2022, chèf Davis te okipe wòl Manadjè Ijans pou Vil Sunrise tou, kote li dirije inisyativ preparasyon pou ijans ak entèvansyon pou katastwòf nan vil la. Chèf Davis se yon ansyen elèv ki fyè de inivèsite Auburn, kote li te jwenn yon lisans nan syans administrasyon biznis. Li gen yon lisans nan kontablite Florida Atlantic University tou ak yon metriz nan administrasyon biznis (MBA) Nova Southeastern University. Pou montre plis devouman nan lidèchip sèvis ponpye a, li te gradye nan Pwogram Ofisyè Ponpye Egzekitif Florida Fire College la.



## **Carl Taylor** **Prezidan, Xtreme Crisis Healthcare (XCH) Konsiltan sant pou preparasyon sante pou katastwòf**

Carl Taylor se yon pwofesyonèl swen sante ki gen anpil eksperians nan preparasyon pou katastwòf. Li te kòmanse karyè entèvansyon li a apre siklòn Andrew pandan li te nan Broward Health.

An 2002, li te jwe wòl direktè egzekitif nan sant pou preparasyon sante pou katastwòf, kote li te devlope yon sistèm jesyon katastwòf pou swen sante plizyè santèn lopital ak pwofesyonèl sante itilize kounye a nan Etazini. Lidèchip li pandan siklòn katrina a te fè I resevwa prim inovatè ak yon felisitasyon nan men Sena Ameriken an.

Sant lan te fòme avèk siksè plis pase 15,000 pwofesyonèl sante pou reponn a katastwòf. Pou I te kapab elaji ekspètiz li sou nivo entènasyonal, Carl te kreye Xtreme Crisis Healthcare (XCH), ki opere nan rejon tankou Ayiti, Filipin ak Ikrèn.

Antanke yon oratè regilye, Carl te fèk bay yon prezantasyon sou "Repons ak konfli an Ikrèn" ak "Sipòte doktè ansanm ak lopital pandan moman kriz." Li se yon manm asosye nan Royal Society of Medicine epi li te sèvi nan gwoup travay entèvansyon nan Covid HHS soti nan 2022 rive 2023. Anplis de sa, li se yon ansyen manm konsèy administrasyon sosyete entènasyonal jesyon ijans lan.

# **SEZON SIKLÒN AK SEZON CHALÈ**



## **Robert Garcia**

**Metewològ kowòdinasyon avètisman, sèvis metewolojik nasyonal, biwo previzyon Miami/Sid Florid**

Robert Garcia se metewològ kowòdinasyon avètisman nan biwo previzyon Miami/Sid Florid Sèvis Metewolojik Nasyonal la. Li te fèt epi li te grandi nan Sid Florid epi li te resevwa lisans nan metewoloji nan inivèsite Eta Florid epi pita li te gradye Sètifika nan sistèm enfòmasyon jewografik. Li te fè tou yon metriz nan administrasyon piblik nan Florida Gulf Coast University, epi li se yon manm nan Sosyete metewolojik ameriken an ak asosyasyon metewolojik nasyonal la. Li te kòmanse karyè li nan NWS antanke yon etidyan estajyè nan biwo Miami an 2009. Apre li te fin gradye, li te aksepte pòs nan NWS nan biwo li yo nan Atlanta epi apre sa nan Tampa. An 2016, li te retounen nan Sid Florid pou l te aksepte yon pozisyon antanke previzyonè prensipal nan Biwo Miami/Sid Florid anvan l te vin meteyològ kowòdinasyon avètisman ane pase a. Domèn pwofesyonèl li yo gen ladan yo meteyowoloji rada, idroloji, ak sansibilizasyon piblik.



## You are not alone.



### Empowering Older Adults, Disabled Adults, and Family Caregivers for Disaster Preparedness

At United HomeCare, we understand the challenges of caring for your loved ones, especially during times of disaster. As the #1 choice for Home Care, we are committed to providing compassionate and reliable support.

Call us at **(954) 246-4412** today to learn more about our services, including the **ADI program, OAA Nutrition Services, and In-Home Services for Broward County Veterans and Elderly Services Division.**

Join us and experience the peace of mind that comes with knowing your loved ones are in good hands, because **There's just no place like home.**

**Serving Broward Seniors as a Provider for ADRC Broward Programs and participating in ALL Florida Medicaid Managed Long Term Care Plans.**




Proud Member



**(954) 246-4412**  
[www.unitedhomecare.com](http://www.unitedhomecare.com)  
Home Health Agency License #21213096

# Memorial Health Forward»



For 70 years, Memorial Healthcare System has led the way, moving health forward in South Florida. We're honored to serve our patients, families and communities with a mission to heal the body, mind and spirit of those whose lives we touch. Our renowned specialists, including heart, cancer, and neuroscience and rehabilitation, provide world-class care using leading-edge technology and research.

**Great healthcare never rests. For all ages and stages of life, from prevention to the most complex care, we're here for you, moving health forward in South Florida and beyond.**



Friedman  
ELDER LAW &  
ESTATE PLANNING  
DEPARTMENT

# Secure Your Future. Protect What Matters Most

As a Board Certified Elder Law Attorney,  
I help seniors and their families navigate:

- Medicaid & Long Term Care Planning
- Veterans Aid & Attendance Benefits
- Estate & Asset Protection



VA Accredited with access to  
Veterans Benefit Management System for quicker results.


**SCHEDULE YOUR STRATEGY SESSION TODAY**

**[www.ElderLawDept.com](http://www.ElderLawDept.com)**

**954-866-1055**

# It always seems impossible until it is done.

- Nelson Mandela



**John & Gale Fontaine**

**AAABC Hall of Fame**

**2010 Honorees**

## EMPOWERING INDEPENDENCE, ONE SMILE AT A TIME CARING HEARTS, COMPASSIONATE CARE

Focusing on compassionate, personalized care that empowers individuals to live with dignity, independence, and comfort at home.



### Our Mission

At Silver Caregivers Inc., we are committed to delivering exceptional home care services in Broward County, Florida. Our focus is on:

### Contact Details

P: 954-400-0593  
F: 954-317-9984  
C: 954-314-8102  
info@silvercaregivers.org

12555 Orange Dr., Suite 105  
Davie, Fort Lauderdale 33330

### Our Services

- Care Management
- Alzheimer's & Dementia Care
- Personal Care & Companionship
- Parkinson's Disease Care
- Stroke Home Care
- Home Care Services for Cardiac Health
- Homemaking Services
- Respite Care for Family Caregivers
- Transportation to Appointments & Errands
- Meal Preparation & Nutrition Support
- Medication Reminders
- Safe Transitions to Home
- Hospice Support
- Live-In & Hourly Care
- Home Safety Evaluations
- 24/7 Available Home Care

Schedule Your Free Consultation!



SCAN  
ME



[www.silvercaregivers.org](http://www.silvercaregivers.org)  
Follow Us





# KONPRANN LANGAJ LA

**Avètisman Siklòn** – Li posib pou gen ondisyon siklonik nan 48 èdtan. Preparasyon w yo ta dwe kòmanse.

**Avètisman Siklòn** – Yo prevwa kondisyon siklòn nan espas 36 èdtan. Preparasyon w yo ta dwe fini prese prese.

**Ond tanpèt** – Yon ogmantasyon dlo anòmal akoz yon tanpèt. Nèf lanmò sou 10 fèt akòz siklòn rive akoz ond tanpèt ki souvan pwovoke inondasyon grav nan zòn kotyè yo.

**Avètisman Ond Tanpèt** – Posibilité pou gen inondasyon ki menase lavi akòz dlo k ap monte k ap deplase andedan tè pwensipal la apati litoral la yon kote nan yon zòn espesifik, jeneralman nan 48 èdtan.

**Avètisman Ond Tanpèt** – Posibilité pou gen inondasyon ki menase lavi akòz dlo k ap monte k ap deplase anndan tè prensipal la apati litoral la yon kote nan yon zòn espesifik, jeneralman nan espas 36 èdtan.

# KONNEN DANJE YO

**Van** – Yon siklòn se yon tanpèt twopikal ki gen van konstan ki depase 73 mil pa èdtan. Siklòn yo kapab lakòz tònad tou, sa ki ogmante potansyèl yo pou destriksyon.

**Lapli** – Akòz nati twopikal siklòn yo, li ka vini ak lapli tòran ki tonbe pafwa epi sa ka lakòz inondasyon ak dlo kap desann yon sèl kou.



# PREPARASYON POU SIKLÒN POU GRANMOUN YO



Area Agency on Aging  
of Broward County

## 1 FÈ YON PLAN

Rankontre ak fanmi w ak zanmi w, evalye tèt ou ak kay ou. Mande enfòmasyon sou plan ak pwosedi ijans ki egziste nan kominote w la. Fè aranjman pou yon moun vin vizite w lè gen yon katastwòf. Asire w ou mete tout moun k ap ba w swen yon nan reyinyon ak planifikasyon w yo.

- Mete enfòmasyon kontak fanmi w nan bous ou.
- Chwazi yon moun pou kontakte nan ka ijans ki pa rete.

## 2 FÈ YON VALIZ SEKOU

### MANJE AK DLO

Yon galon dlo pa jou. Bwason ki gen elektwolit yo se yon bon sous idratasyon. Manje ki pare pou manje epi ki pa gate fasil, depreferans pran sa ki rich ak vitamin B12 epi ki pa gen anpil sodyòm. Siplement vitamin ka ede anpeche karans nitrisyonèl.



### BEZWEN MEDIKAL AK MATERYÈL



Twous premye swen, asirans medikal ak kat Medicaid/Medicare. Preskripsyon medikaman ak kopi preskripsyon ki ka renouvele jiska sis mwa. Etikèt oswa braslè alèt medikal ki gen enfòmasyon sou bezwen swen sante.

### RAD, ATIK POU ITILIZE CHAK JOU, APARÈY



## 3 RETE ENFÒME

Ki danje ki menase kominote w la ak katye w la? Fè yon lis sou kijan yo ka afekte w. Reflechi sou tou de kalite danje yo, sa ki natirèl (pa egzanp, sikelon, inondasyon, tanpèt ivè ak tranblemanntè) ak danje moun lakoz (pa egzanp, materyèl danjere ak aksidan transpò) epi sou risk ou genyen akoz danje sa yo. Konnen kijan otorite lokal yo pral avèti w sou yon sitiayson lè gen katastwòf ki pral rive oswa ki deja egziste epi kijan y ap ba w enfòmasyon alavans, pandan ak apre yon katastwòf la.

### KONTAK IJANS AK LAJAN KACH

kontakte fanmi ak zanmi. Anpil lajan kach anplis, paske aksè nan bank ak ATM yo ka limite.



### DOKIMAN ENPÒTAN

Kopi dosye fanmi an ak lòt dokiman enpòtan tankou sètifikasi nesans ak maryaj, kat Sekirite Sosyal, paspò, testaman, akt pwopriyete, ak dosye finansye, asirans ak vaksinasyon, byen sere nan yon sak sele ki pa ka pran dlo.



Kouvèti, rad anplis ak soulye konfòtab. Linèt rezèv, katetè, batri, sistèm oksijèn, elatriye. Telefòn selilè ak chajè ak batri ekstra. Yon radyo ki mache ak batri ak/oswa yon radyo meteyo NOAA. Yon lanp pòch ki mache ak enèji solè oubyen batri. Yon souflèt pou rele sekou byen lwen ak yon ti miwa pou reflete limyè solèy la si ou bezwen fè siyal pou ekip sekou yo.

# KIT IJANS LIS KONTWOL

- Omwen yon galon dlo potab pou yon moun, pa jou pandan twa jiska senk jou. Ou bezwen plis dlo pou prepare manje, pou bêt konpayi, e pou ijyèn pèsonèl
- Ase manje pou twa jiska senk jou, sa gen ladan manje ki pa gate nan bwat oswa manje nan bwat, lèt nan bwat oswa lèt ki deja konsève, sereyal, ti goute, yon rezèv pou twa jiska senk jou pou atik espesyal pou tibebe ak/oswa granmoun: lèt an poud, ti sèvyèt mouye, kouchèt, manje espesyal, ak twalèt. Zouti pou ouvri bwat/boutèy
- Papye twalèt, asyèt, bòl, napkin, papye pou siye, ak istansil plastik. Klowòks san sant ak ti gout medikaman
- Materyèl anplis pou dòmi tankou dra, zòrye, sak matla, elatriye, nan ka ou ta dwe evakye
- Rad, ki gen ladan rad lapli ak soulye solid kit premye swen, medikaman/medikaman sou preskripsyon sanitazè ak ti sèvyèt ijyenik
- Lanp pòch, batri anplis, chajè machin, oswa chajè solè pou telefòn selilè w
- Radyo ak telefòn fiks ki pran pil oswa ak ki mache alamen ak priz (ki pa san fil) Liv, ak nenpòt kalite jwèt
- Manje pou bêt, bwat pou chat fè bezwen, ak lòt atik pou pran swen bêt
- Twous zouti ki gen ladan I fil, kòd, mato, klou bwa, si, rach oswa manchèt, baton, lam goyin, prela, tep adezif, gan travay solid, ak kòd ekstansyon pou deyò
- Sak plastik pou fatra ak kòd pou mare, sak plastik ki ka refèmen ankò pou konsève bagay, papye aliminyòm ki solid, ak bòl aliminyòm jetab
- Chabon oswa pwopan anplis ak alimèt nan yon vesò ki pa ka pran dlo pou kwit manje deyò.
- Nou kapab itilize chalè Sterno tou. Pa janm kwit manje ak okenn nan bagay sa yo andan kay ou. Lafimen ak vapè a ka touye w
- Ekstèktè dife (tip ABC)
- Bagay pou chase moustik ak DEET, ak krèm pwoteksyon kont solèy
- Foto ak enstriksyon pou evalyasyon domaj lakay ou. Vizite Broward.org/Hurricane sou nenpòt lòt ekipman espesyal oswa atik ou ka bezwen

# KONSEY POU MOUN K AP BAY SWEN

## KIJAN POU EDE NAN PLANIFIKASYON AK NAN REPOSNS

**Identifye moun ak òganizasyon ki ka sipòte ou menm ak moun w ap pran swen an.**

Planifye kounye a lè w kreye yon ekip ki kaede w nan yon katastwòf. Konsidere mete manm fanmi, vvazen, zanmi, kòlèg, gwoup nan katye, gwoup moun ki gen menm lafwa ak ou, founisè swen sante, founisè sèvis, ak òganizasyon sèvis sosyal.

**Ekri bezwen, woutin, ak kondisyon moun ou renmen an genyen nan moman an epi pataje yo ak manm ekip yo jan sa apwopriye.**

Sa ap pèmèt ekip la ede youn lòt pou bay moun ou renmen an swen li bezwen lè yon katastwòf rive.

## CHÈCHE KONNEN BEZWEN MOUN OU RENMEN YO GENYEN CHAK JOU

Bezwen	Woutin	Kondisyon	Swen sante
<ul style="list-style-type: none"><li>• Limitasyon mobilite</li><li>• Limitasyon fizik/ak mantal</li><li>• Enkyetid nan kesyon sekirite</li><li>• Bezwen transpòtasyon</li><li>• Entèraksyon sosyal, konsiderasyon amitye</li><li>• Asire w bêt konpayi w oswa bêt k ap asiste w la ajou ak dènye vaksen l yo epi kenbe enfòmasyon kontak veterinè w la.</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Pwogram somèy</li><li>• Lè pou leve/dòmi</li><li>• Woutin manje ak ti goute</li><li>• Woutin twalèt</li><li>• Benyen ak swen kòporèl</li><li>• Preferans amizman (konvèsasyon, lèkti, mizik, televizyon)</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Kondisyon sante ak maladi</li><li>• Medikaman (pou w pran l poukout ou oswa w bezwen èd?)</li><li>• Aparèy asistans (kann, chèz woulant, aparèy pou ede moun tande, linèt, fo dan)</li></ul>	<ul style="list-style-type: none"><li>• Identifikasiyon (dat nesans, nimewo sekirite sosyal ak yon foto resan)</li><li>• Enfòmasyon pou kontakte: doktè, dantis, terapis, ak founisè ki bay swen sante lakay</li><li>• Enfòmasyon asirans</li></ul>



American  
Red Cross

Be Red Cross Ready | [redcross.org/prepare](http://redcross.org/prepare)

# Gid pou achte kit pou Siklòn

[Broward.org/Hurricane](http://Broward.org/Hurricane)

## 10 Etap pou kreye yon plan efikas pou siklòn

- Fè yon reyinyon an fanmi pou pale sou danje yo. Fè yon lis bagay ki bezwen konsidere yo.
- Pale sou opsyon abri yo epi deside ki kote ou prale si w ap viv nan yon zòn evakyasyon epi yo bay yon lòd evakyasyon.
- Fè envantè byen lakay ou yo epi revize kontra asirans ou yo.
- Evalye kay ou pou wè si li gen kote ki vilnerab: twati, fenèt, pòt garaj, jaden, eksétera.
- Deside kote w pral mete machin ou, bato w oswa RV ou.
- Deside ki sa w bezwen fè pou pwoteje kay ou ak pwopriyete w epi pou rete alèz otank posib pandan rekiperasyon an.
- Detèmine si gen moun lakay ou ki granmoun oswa ki gen bezwen espesyal epi, si sa nesesè, fè aranjman davans pou akomode bezwen sa yo.
- Detèmine kijan ou pral abòde bezwen bêt ki lakay ou. Asire w mete gwo bêt tankou cheval nan plan w yo.
- Detèmine bezwen fanmi w genyen pou dlo, manje ak swen medikal epi prepare valiz sekou w dapre bezwen sa yo.
- Fè lòt moun konnen plan w genyen pou siklòn, kit se fanmi oswa zanmi. Etabli yon kontak andeyò vil la.

## Gid gwoup manje pou achte

### Atik gwoup pen

Bonbon biskwit, baton pen sèk, pretzel, pen griye melba, gato diri ak mayi souffle, sereyal pou dejene, pat sèk, ba nitrisyonèl, pen (kenbe yo nan frizè jiskaske ou bezwen yo)

## Kijan pou itilize gid acha a

Pandan sezon siklòn nan ap pwoche (1ye Jen - 30 Novanm), yo ankouraje tout rezidan yo pou yo prepare yo lè yo kreye yon plan siklòn pou fanmi yo epi rasanble yon twous pwovizyon pou siklòn. Etap preparasyon sa yo esansyèl pou simonte yon tanpèt oswa nenpòt lòt dezas san danje.

Gid Acha uit semèn nan idantife atik debaz ou bezwen pou pran swen tèt ou ak fanmi ou alèz pandan 3 a 5 jou apre yon tanpèt ki ka kite w san kouran ak dlo potab.

Ajoute kèk bagay nan lis acha regilye ou fè chak semèn se fason ki pi fasil pou konplete Twous Siklòn ou an avèk yon enpak minimòm sou bidjè ou. Gid sa gen ladan I tou enfòmasyon pou prepare yon Twous Siklòn pou tibebe, granmoun ak bêt ou yo. Gen ladan I tou yon gid sou "kijan" pou kreye yon plan familyal epi prepare yon twous premye swen. Pou w jwenn yon gid konplè sou preparasyon pou siklòn, vizite **Broward.org/Hurricane**. Pandan sezon siklòn sa, annou tout **pare – Prepare – An Sekirite.**

### Atik Gwoup Vyann

Nan bwat kanèt oswa nan pake: ton, poul/kodenn, vyann, soup ak pwa oswa vyann, sadin, pwa, chili ak vyann oswa pwa, ravyoli/espageti, janbon/kochon, ragou, sosis Vyènwaz, manba ak nwa, ak vyann bëf oswa kodenn seche yo prepare pou komès

### Atik Gwoup Lèt

Lèt ki ka konsève nan tanperati anbyan, lèt an poud (w ap bezwen plis dlo), poudin nan bwat ak kanèt (sa ki sou etajè makèt yo, se pa sa ki nan seksyon frijidè), bwason nitrisyonèl (pa egzanp, Ensure)

### Atik Gwoup Legim

Legim nan bwat, soup tout kalite (nouy nan kèp, nan bwat), salad 3 pwa nan bwat

### Atik gwoup fwi

Fwi nan bwat, sòs pòm, fwi sèche ak ji fwi 100%

### Atik Manje Rekonfòtan

Ti goute rapid ki bay enèji (melanj anpil fwi, granola), baton fwi, bonbon, sirèt di, piwouli, kafe enstantane, ti sachè te

# Gid pou achte kit pou Siklòn

[Broward.org/Hurricane](http://Broward.org/Hurricane)

## Atik pou Tibebe ak Timoun

Sa ki gen ladan I bon kantite manje, lèt an poud (dlo), ji, kouch dayèt ak ti sèvyèt wayps. Si wap evakye pou ale nan yon abri pou popilasyon jeneral, pote twous tibebe w la ansanm ak yon pousèt, yon bèso pòtab oswa yon pak pou jwe.

Nòt: Pote ase dlo pou w ka prepare manje enstantane a. Sous pou kwit manje yo gen ladan yo recho kan ak plat chodyè/cho ak sterno. Achte chabon ki pare pou limen pou gri deyò. Toujou fè manje deyò.  
Pa janm sèvi ak okenn nan sous andedan kay ou oswa nan garaj ou pou kwit manje sa yo.

**Semèn 1**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon galon dlo pou yon moun
- yon gwo bokal manba
- yon bwat soup ki pare pou manje
- yon bwat alimèt nan yon vesò ki pa ka dlo
- yon pake asyèt papye
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- yon flach lamp pôch ak pil\*
- yon prela pou reparasyon twati lampore
- kouto kanif
- krém pwatèj kont soleý (SPF 15 oswa plis)

**Semèn 2**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon elemen gwoup fwi
- yon galon dlo pou chak moun
- yon bokal jèle oswa konfitti
- yon bwat soup pare pou manje
- zouti pou ouvri bwat alamen
- yon pake napkin
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- chabon ki ka pran poukoni li, sterno oswa pwopan pou gri oswa recho ka, pens
- linèt sekirite an plastik/kòd
- ekstansyon elektrik deyò

**Semèn 3**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon elemen gwoup fwi
- yon galon dlo pou chak moun
- yon bokal jèle oswa konfitti
- yon bwat soup pare pou manje
- zouti pou ouvri bwat alamen
- yon pake napkin
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- Una radio AM/FM portabil de pilas o manivela
- Hacha
- Rollo de cinta adhesiva

**Semèn 4**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon elemen gwoup lèt
- yon elemen gwoup pen
- yon woulo papye pou siye
- yon bwat soup pare pou manje
- yon bwat gwo sachè konsevasyon manje ki ka
- refleman, manje pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- Pil radyo rezèv\*
- Twous premye swen
- Ekstenkè
- Jwèt ak devinèt pou timoun ki konn konbat ponpye

**Semèn 5**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon galon dlo pou yon moun
- yon elemen gwoup pen
- yon bwat ti sèvyèt ijenik\*
- yon woulo papye aliminyòm ki solid
- yon pake bol an papye
- yon batra plastik ak kod pou mare yo

**Lòt materyèl:**

- klu divès kalite,
- yon flach ak batri\*
- gari travay
- solid kit premye swen
- founili vesò ki pa ka pran dlo pou dokiman asirians ak labanik, kontra enpòtan, prèv okipasyon, envantè bagay pèsònèl\*

**Semèn 6**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon elemangwoupl lèt
- yon bwat sereyal
- yon bwat soup ki pare pou manje
- yon elemen nan gwoup manje ki bay fòs
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- batri anplis pou lamp pòch\*
- mato
- chodyè aliminyòm jetab

**Semèn 7**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon galon dlo pou yon moun
- yon bwat sak fatra pou travay ki solid
- yon pake instalans plastik pou manje
- yon elemen nan gwoup manje ki bay fòs
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- flach ak batri \*
- veso plastik potab ki pa ka pran dlo ak kouverti pou founili kit ijans
- pwodui pou pose moustik ak DÉET

**Semèn 8**

**Makèt:**

- yon elemen nan gwoup vyann
- yon elemen nan gwoup vejetal
- yon galon dlo pou yon moun
- yon bwat sak fatra pou travay ki solid
- yon pake instalans plastik pou manje
- yon elemen nan gwoup manje ki bay fòs
- founili pou tibebe\*

**Lòt materyèl:**

- flach ak batri \*
- veso plastik potab ki pa ka pran dlo ak kouverti pou founili kit ijans
- pwodui pou pose moustik ak DÉET

Gid pou achte twous pou siklòn pou 8 semèn  
PAJ KONPLÈ paj kap vini an



## Gid pou Achte Twous pou Siklòn pandan 8 Semèn

Nòt: Lis yo sijere pou yon fanmi kat moun. Ajoute lòt bagay selon gwosè fanmi pa w.

Yon ti Konsèy: Rasable anvan tanpèt la: lajan\*, medikaman sou preskripsyon\*, gaz pou machin nan, dokiman enpòtan\*, foto envantè bagay pèsònèl\*, prèv okipasyon\*, idantifikasiyon\*

\*Si w ap planife pou w evakye pou ale nan yon abri ijans, asire w ou pote bagay sa yo avèk ou.

## Pare. Prepare. An Sekirite.

## Semèn 1

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon galon dlo pou yon moun
- yon gwo bokal manba
- yon bwat soup ki pare pou manje
- yon bwat alimèt nan yon vesò ki pa ka dlo
- yon pake asyèt papye
- founiti pou tibebe\*

### Lòt materyèl:

- yon flach lanp pòch ak pil\*
- yon prela pou reparasyon twati tanporè
- kouto kanif
- krèm pwotèj kont solèy (SPF 15 oswa plis)

## Semèn 2

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon eleman gwoup fwi
- yon eleman manje ki bay fòs
- yon boutèy klowòks ki pa gen sant
- yon kont gout medikaman
- yon pake goblè papye

### Lòt materyèl:

- chabon ki ka pran poukонт li, sterno oswa pwopan pou gri oswa recho kan, pens
- linèt sekirite an plastik/kòd
- ekstansyon elektrik deyò

## Semèn 3

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup fwi
- yon galon dlo pou chak moun
- yon bokal jele oswa konfiti
- yon bwat soup pare pou manje
- zouti pou ouvri bwat alamen
- yon pake napkin
- founiti pou tibebe\*

### Lòt materyèl:

- Una radio AM/FM portátil de pilas o manivela
- Hacha
- Rollo de cinta adhesiva

## Semèn 4

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon eleman gwoup lèt
- yon eleman gwoup pen
- yon woulo papye pou siye
- yon woulo papye plastik
- yon boutèy sanitazè
- sèvyèt ijyenik oswa lòt pwodui ijyen\*

### Lòt materyèl:

- yon flach ak batri\*
- gan travay
- solid kit premye swen
- founiti vesò ki pa ka pran dlo pou dokiman asirans ak labank, kontra enpòtan, prèv okipasyon, envantè bagay pèsonèl\*

## Semèn 5

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon eleman gwoup fwi
- yon eleman gwoup pen
- yon bwat soup pare pou manje
- yon bwat gwo sachè konsèvasyon manje ki ka
- refèmen, manje pou tibebe\*

### Lòt materyèl:

- Pil radyo rezèv\*
- Twous premye swen
- Ekstenktè
- Jwèt ak devinèt pou timoun ki konn konbat ponpye

## Semèn 6

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon galon dlo pou yon moun
- yon eleman gwoup pen
- yon bwat ti sèvyèt ijyenik\*
- yon woulo papye aliminyòm ki solid
- yon pake bòl an papye
- sak fatra plastik ak kòd pou mare yo

### Lòt materyèl:

- klou divès kalite,
- yon flach ak batri\*
- telefòn ki fiks ak priz (pa san fil)
- gan solid pou travay

## Semèn 7

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon elemangwoup lèt
- yon bwat sereyal
- yon bwat soup ki pare pou manje
- yon eleman nan gwoup manje ki bay fòs
- founiti pou tibebe\*

### Lòt materyèl:

- batri anplis pou lanp pòch\*
- mato
- chodyè aliminyòm jetab

## Semèn 8

### Makèt:

- yon eleman nan gwoup vyann
- yon eleman nan gwoup vejetal
- yon galon dlo pou yon moun
- yon bwat sak fatra pou travay ki solid
- yon pake istansil plastik pou manje
- yon woulo papye pou siye

### Lòt materyèl:

- flach ak batri \*
- vesò plastik pòtab ki pa ka pran dlo ak kouvèti pou founiti kit ijans
- pwodui pou pouse moustik ak DEET



# Family Communication Plan

Ijans ka rive nenpòt ki lè. Èske fanmi w konnen kijan pou yo kominike antre yo si nou tout pa ansanm?

**Anvan** yon ijans rive, fè yon ti pale an fanmi pou detèmine ki moun ki ta dwe moun pou kontakte w si w pa nan eta a, epi ki kote w ta rankontre lè w pa lakay ou - ni nan vvazinaj ou ni nan vil ou a.

## Fè yo konnen Ou ANFOM!

Chwazi menm moun nan pou chak manm fanmi an kontakte. Li ka pi fasil pou w kontakte yon moun ki pa nan vil la

## Important Information

Mete enfòmasyon sa yo epi kenbe yon kopi an sekirite, tankou nan valiz ou oswa nan pòtfèy ou, nan machin ou, nan biwo w, ak nan valiz sekou w. Asire w ou gade l chak ane epi mete l ajou.

### Kontak andeyò vil la:

Non: \_\_\_\_\_  
Kay: \_\_\_\_\_  
Selilè: \_\_\_\_\_  
Imel: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_

### Lokal rankont reyinyon katye:

\_\_\_\_\_

### Lokal reyinyon rejyonal:

\_\_\_\_\_

### Enfòmasyon travay

Espas travay: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_  
Lokasyon evakyasyon: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou lekòl

Lekòl: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_  
Lokasyon evakyasyon: \_\_\_\_\_

Lugar de trabajo: Adrès: \_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_  
Lokasyon evakyasyon: \_\_\_\_\_

Lekòl: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_  
Lokasyon evakyasyon: \_\_\_\_\_

Lekòl: \_\_\_\_\_  
Adrès: \_\_\_\_\_  
Telefòn: \_\_\_\_\_  
Facebook: \_\_\_\_\_  
Twitter: \_\_\_\_\_  
Lokasyon evakyasyon: \_\_\_\_\_





# Important Information (continued)

## Enfòmasyon fanmi

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Nimewo sosyal sekirite: \_\_\_\_\_

Enfòmasyon medikal enpòtan: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Kontak medikal

Doktè: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Doktè: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Pedyat: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Dantis: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Dantis: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Spesyalis: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Spesyalis: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Famasis: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Veterinè/Chenil: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

## Enfòmasyon asirans

Asirans medikal: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Nimewo polis: \_\_\_\_\_

Asirans pou mèt kay/lokasyon: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

Nimewo polis: \_\_\_\_\_

### Tèks, pa pale!

Amwenske ou an danje, voye yon mesaj tèks. Li kapi fasil pou voye mesaj tèks pase fè apèl nan telefòn, epi w pa vle bloke liy telefòn travayè ijans yo bezwen.



<http://www.ready.gov/kids>



Area Agency on Aging  
of Broward County

# Tanpri pwoteje nou tou! **SIKLÒN** **LIS KONTWÒL PREPARASYON** **POU BÈT**

## PREPARE DAVANS

- ❖ Kontakte veterinè w la pou l ba w yon lis chenil ak enstalasyon w ap prefere
- ❖ Idantifye otèl oswa motel ki andeyò zòn evakyasyon an ki aksepte bêt
- ❖ Mande zanmi w ak fanmi w ki pa nan zòn ou an si yo ta vle pran bêt ou yo lakay yo pou yon ti tan
- ❖ Menmsi bêt ou yo ka pi alèz si yo rete ansanm, prepare w pou w mete yo chak yon kote separe
- ❖ Asire w bêt ou a resevwa tretman pou vè nan kè, pis epi tout vaksen li yo ajou.
- ❖ Konsidere opsyon pou w fè mete yon mete yon ti aparèy elektwinik pou bêt ou a
- ❖ Asire w chen ak chat ou yo gen kolye ak yon plak idantifikasiyon ak yon lisans pou bêt ki valid pou Konte Broward

## KIT IJANS POU BÈT

- ❖ Foto resan ou menm ak bêt ou yo pou si yo ta pèdi
- ❖ Kopi dosye medikal bêt ou yo ki stoke nan yon vesò ki pa ka pran dlo, ki gen ladan enfòmasyon konsènan nenpòt kondisyon medikal, pwoblèm konpòtman ak non ak nimewo veterinè ou la
- ❖ Bòl pou manje ak dlo
- ❖ Manje, dlo ak medikaman pou de semèn.
- ❖ Kòd ak kolye
- ❖ Orè pou bay manje
- ❖ Kouvèti pou ti chen ki pi piti, sèvyèt an papye, pwodui netwayaj ak sache fatra. Chen w lan pap ka al twalèt deyò jiskaske tanpèt la fini.
- ❖ Bwat pou chat fè bezwen, pèl ak bagay anplis pou netwaye bezwen chat
- ❖ Ti goute ak jwèt
- ❖ Kès oswa yon transpòtè solid

## ABRI KI AKSEPTÉ BÈT

**Everglades High School**  
17100 SW 48th Court  
Miramar, FL 33027

**Lyons Creek Middle School**  
4333 Sol Press Blvd.  
Coconut Creek, FL 33073

**Falcon Cove Middle School**  
4251 Bonaventure Blvd.  
Weston, FL 33332



# PWOTEJE KAY OU

## Chèche kote ki trajil yo evalye do kayla,

moso bwa nan twati a, twil, ak pano yo ta dwe byen fikse epi ranplase sa ki lach yo.

**Tcheke pòt yo**, pòt an bwa solid oswa pòt metal anndan vid yo gen plis chans pou reziste presyon van ak debri k ap vole.

**Fenèt ak pèsyèn**, si w gen pèsyèn, asire w yo nan bon kondisyon.

## KOUPE PYE BWA

**Koupe pyebwa ak ti branch yo regilyèman**, retire branch fèb yo, sitou sa yo ki bay sou do kay la, epi rale pati anwo kouvèti pyebwa yo jete. **Pa eseye koupe okenn pyebwa k ap grandi sou oswa toupre liy elektrik ki anlè yo**, se sèlman pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon espesyal ki dwe travay toupre liy elektrik yo.

**Konsilte ak Konte Broward la oubyen vil** ou a pou dispozisyon espesifik konsènan koupe pyebwa yo.

**Asire w pyebwa ki fèk plante yo ak pyebwa ki fèk replante yo byen mare e yo gen ranfò.**



Yo dwe pran swen pyebwa yo an konfòmite avèk Gid Bon Pyebwa, Bon Kote Florida Power and Light la. Ou ka jwenn yo sou [Fpl.com/Reliability](http://Fpl.com/Reliability), apresa klike oswa tape pyebwa ak liy elektrik. Apre sa, klike sou Bon Pyebwa, Bon Kote a

## PWOTEJE PISIN YO

**Kenbe dlo nan pisin** lan paske sa ap anpeche pisin lan plen ak sab e ak debri k ap vole. **Ajoute plis klowòks nan dlo** a pou anpeche kontaminasyon.

**Koupe kouran ekipman pisin lan**, retire motè ponp pisin lan epi sere I anndan yon kote ki sèk, oubyen vlope motè a nan yon materyèl plastik.

**Retire tout bagay ki lach nan zòn pisin lan** (mèb, ekipman pou netwaye pisin, ak plant nan po).



Biwo Developman Ekonomik ak Ti Biznis Konte Broward la te etabli yon rezo Sant Rekiperasyon Biznis apre katastwòf. Sant yo fèt pou bay sèvis tankou enfòmasyon sou rekiperasyon apre dezas pou biznis ak aksè a pwogram asistans finansye.

Sant yo ap vin operasyonèl lè yon rekiperasyon apre yon katastwòf kòmanse.

# KONSEY POU MOUN K AP BAY SWEN

## LIS VERIFIKASYON PREPARASYON MOUN K AP BAY SWEN YO

**Panse alavans sou sa yo ka mande w fè** pou ede yon moun w ap sipòte a, tankou ede yo devlope plan yo, prepare founiti ak dokiman yo pou katastwòf, enskri yo nan rejis lokal yo, sipòte evakyasyon yo, elatriye.

**Asire w ou te resevwa fòmasyon nan premye swen ak CPR**, kijan pou itilize oswa opere aparèy asistans yo oswa ekipman medikal yo epi kijan pou sipòte bezwen swen pèsonèl yo.

**Konnen kijan pou montre lòt moun fason pou yo kominike** byen avèk moun w ap pran swen an ki ka bezwen adaptasyon pou tande, ou wè, pou pale oswa lòt adaptasyon komunikasyon.

**Konnen kijan pou bay plis sipò emosyonèl ak konpòtmantal**, sitou pou ede yon moun k ap viv ak demans oswa pwoblèm sante mantal aktif.

**Kenbe yon foto ajou moun w ap pran swen an, pou sizoka nou ta separe**, ansanm ak yon kopi enfòmasyon medikal ak tretman esansyèl li yo pou li ka jwenn bonjan swen. Li ka b on tou pou diskite sou fason pou bay moun w ap sipòte a yon braslè idantifikasyon pèsonèl oswa medikal.



American  
Red Cross

Be Red Cross Ready | [redcross.org/prepare](http://redcross.org/prepare)

# KONSÈY POU MOUN K AP BAY SWEN

## Kominikasyon ak repons a sentòm demans yo

### Konsèy pou diminye sentòm konpòtman yo

Prepare alavans sa moun nan ap bezwen sou baz sa w konnen sou woutin chak jou li, manm fanmi li, sa li renmen ak sa li pa renmen, ansanm ak nenpòt evènman enpòtan oswa twomatik nan lavi li.

Sonje yon evènman oswa yon kondisyon ka deklanche konpòtman yo. Si yo wè yon moun ap mete yon vès manto oswa ap pran kle, li ka panse se soti li pral soti. Si yon moun ap ranje tab la, li ka panse li lè pou yo manje. Epi si yo wè gen rad ki ranje sou kabann nan, yo ka panse li lè pou yo abiye.

Chache epi eseye rezoud siy ki montre moun nan santi kò l nui l, li pè, li pa sèten, oswa li fatige (pa egzanp, li irite, li ajite, oswa li ap fè ale vini). W ap fè sa lè w:

- Fè yon ti mache avèk yo epi pran yon ti lè fre.
- Distrè yo ak aktivite ki bon pou kalme yo tankou koute mizik, trikote, klase, oswa kolorye.
- Fè moun nan konnen yo bezwen li. Di, "Èske ou ka ede m avèk..." Rasire moun nan li pa poukонт li, lè w chita trankilman ansanm ak li.

Limite kantite nouvèl y ap pran nan medya yo sou katastwòf la. Moun nan ka vin boulvèse si li wè evènman an repeète nan televizyon, se ka kòmsi l ap reviv li ankò. Li ka twomatize.

Veye pou w wè si yo santi yo mal oswa si yo sanble malalèz. Chèche konprann si moun nan grangou, si li frèt, si li bezwen al nan twalèt, oswa si li gen yon lòt bezwen fizik. Byen veye pou si yo gen doulè fizik oswa sikolojik.

Kenbe yon woutin regilye otank posib. Eseye respekte orè dòmi/leve regilye moun nan, lè repa li, ak aktivite swen pèsonèl li chak jou.

# KONSEY POU MOUN K AP BAY SWEN

Kominikasyon ak repons a sentòm demans yo

## Konsèy pou diminye sentòm konpòtman yo

Eseye pale ak moun nan yon kote ki trankil e ki pa gen distraksyon. Mete w nan menm nivo ak yo, rele yo nan non yo, tann jiskaske ou nan chan vizyon yo, epi idantifye tèt ou ak rezon ki fè nap pale a.

Ba l egzanp sou fason pou l pale lè w pale yon fason janti e fasil pou konprann. Souri souvan, epi fè atansyon ak ton vwa w, ekspresyon vizaj ou, tansyon kò w, ak atitud ou. Pale dousman e byen klè, epi fè poz ant fraz yo. Ba yo tan pou yo konprann sa w ap di a.

Ankouraje yo pou yo sèvi ak aparèy pou ede moun tande ak linèt si yo bezwen sa, epi asire w aparèy yo ap fonksyone byen.

Reponn a emosyon yo genyen yo, olye w reponn a sa yo ta ka di. Prepare w pou repete enfòmasyon yo, chwa yo, ak direksyon yo. Repete bagay yo nan menm lòd la, sèvi ak menm mo yo.

Itilize tèm konkrè ak mo moun nan abitye lè w ap bay enfòmasyon. Yo ka reponn pi byen si w di "Èske ou bezwen pipi?" olye w di "Èske ou bezwen itilize twalèt?".

Felisite yo souvan. Di yo "Bon travay," oubyen "Pran tan w, ou ka fè sa." Rasire yo ou la pou sipòte yo.



# REJIS POPILASYON VILNERAB

ENSKRI BONÈ, ENSKRI KOUNYE A!

Rejis Popilasyon Vilnerab la se yon pwogram ki pèmèt moun ki ka plis an danje apre yon ijans enskri davans pou travayè ijans yo ka planifye yon pi bon repons pandan yon yap fè efò pou ranje bagay yo.

**FASON KI PI FASIL POU ENSKRI SE SOU ENTÈNÈT NAN  
[BROWARD.ORG/ATRISK](http://BROWARD.ORG/ATRISK), RELE SANT APÈL KONTE BROWARD LA NAN 311  
OSWA 954-831-4000 (TTY 954-831-3940), OSWA KONTAKTE AJANS JESYON  
IJANS MINISIPALITE W LA**



Area Agency on Aging  
of Broward County



# **Enskripsyon Abri pou Moun ki gen Bezwen Espesyal**

## **Enskripsyon Abri pou Moun ki gen Bezwèn Espesyal nan Konte Broward**

Divizyon Jesyon Ijans Florid la, an kowòdinasyon avèk ajans jesyon ijans Konte Broward la, te devlope yon rejis pou pèmèt rezidan ki gen bezwen espesyal enskri nan ajans jesyon ijans lokal yo a pou resevwa asistans pandan yon katastwòf. **Pre-enskripsyon pou Abri pou moun ki gen Bezwen Espesyal la ouvè pandan tout ane a,** epi byenke li pa obligatwa, nou vrèman ankouraje w pou asire w abri a ap byen prepare pou satisfè bezwen w yo

Si gen yon pwoblèm medikal ki mande yon pi gwo nivo swen pase sa yo bay nan yon Abri Popilasyon Jeneral, men ou pa bezwen entène lopital oswa yon enstitisyon medikal, yon Abri pou Moun ki Bezwen Espesyal ka apwopriye pou ou. Abri sa yo ofri asistans medikal debaz ak siveyans. Yo gen pèsonèl medikal kalifye epi yo gen kouran sekou pou ekleraj limite ak ekipman medikal esansyèl. Nou ankouraje manm fanmi yo ak moun k ap pran swen yo pou akonpaye w.

Ale sou sitwèb nou an [www.adrcbroward.org/special-needs-shelter-](https://www.adrcbroward.org/special-needs-shelter-) pou enskripsyon nan yon aplikasyon ak plis enfòmasyon sou abri pou moun ki gen bezwen espesyal ak transpò.

Y ap fè aranjman rezonab pou rezidan nan abri ki andikape yo an akò avèk Lwa Ameriken sou Andikap (ADA). Si w bezwen èd pou transfè, entèpretasyon lang siy ak lòt èd oksilyè, oubyen yon zòn trankil akoz yon andikap mantal oswa yon bezwen sante mantal, rele 954-831-3902 oswa TTY 954-831-3940 pou jwenn enfòmasyon ki pi ajou yo.

Moun ki abite nan zòn nan avèk bèt sèvis yo akeyi nan tout abri yo depi bèt la satisfè egzijans lalwa federal la. Gade Egzijans ADA pou Bèt Sèvis pou plis enfòmasyon.

Anplis de sa, jwenn Lis Verifikasyon Twous Abri pou moun ki gen Bezwen Espesyal sa pou ede w lè w ap prepare w pou ale nan abri pou Bezwen Espesyal la.

Lis Verifikasiyon Twous Abri pou moun ki gen Bezwèn Espesyal  
PAJ KONPLÈ paj apre a

Nan ka evakyasyon ijans, si w gen yon pwoblèm sante ki mande asistans medikal debaz ak siveyans, men ki pa mande pou w entène lopital, yon abri pou moun ki gen bezwen espesyal ka apwopriye pou ou. Enskripsyon an enpòtan epi yo ankouraje w fè l alavans, pou asire w pare pou evakyasyon ak refij nan ka ta gen yon ijans nan Konte Broward. Nou ankouraje manm fanmi w yo ak moun k ap pran swen w yo pou yo akonpaye w. Sèvi ak tchèklis sa a pou ede w prepare yon kit abri pou bezwen espesyal k ap fè sejou w la konfòtab otank posib.

**TANPRI KONSEVV LIS VERIFIKASYON SA A AK DOKIMAN ENPÒTAN w YO.**

EKIPMAN AK FOUINITI MEDIKAL	ATIK PÈSONÈL
<input type="checkbox"/> Batri ak/oswa chajè pou chèz woulant elektrik oswa skoutè <input type="checkbox"/> Kit reparasyon pou chèz woulant elektrik oswa skoutè <input type="checkbox"/> Baton, Baton mobil ki pliyan oswa pou mache <input type="checkbox"/> Founiti pou katetè <input type="checkbox"/> Ekipman dyabèt <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Aparèy pou mezire glikoz/bann/lansèt</li> <li><input type="checkbox"/> Ensilin/sereng</li> <li><input type="checkbox"/> Lôt founiti ensilin</li> <li><input type="checkbox"/> vesò "objè pwenti"</li> </ul> <input type="checkbox"/> Dokimantasyon enfòmasyon medikal spesifik (ki gen ladan enfòmasyon pou kontakte founisè swen sante) <input type="checkbox"/> Kit premye swen <input type="checkbox"/> Lis medikaman aktyèl yo ak omwen yon rezèv pou <b>7 jou</b> <input type="checkbox"/> Nebilizatè si sa nesesè <input type="checkbox"/> Founiti pou ostomi <input type="checkbox"/> Apwovizyonman oksijèn <input type="checkbox"/> Pwodui pou swanye blesi	<input type="checkbox"/> Sèvyèt pou kò <input type="checkbox"/> Deodoran <input type="checkbox"/> Linèt <input type="checkbox"/> Idantite ak adrès aktyèl la <input type="checkbox"/> Papye enpòtan <input type="checkbox"/> Pwovizyon pou enkontinans <input type="checkbox"/> Soulye (dirab) <input type="checkbox"/> Savon/Champou <input type="checkbox"/> Pat dantifris/bwòs dan <input type="checkbox"/> Sèvyèt <input type="checkbox"/> Souvètman/chosèt <input type="checkbox"/> Sèvyèt twalèt pou lave (yo)
<b>ATIK MANJE</b>	
<input type="checkbox"/> Atik ki fêt ak lèt ki pa gate fasil <input type="checkbox"/> Ti goute oswa lôt manje rekofòtan <input type="checkbox"/> Manje espesyal ki fêt ak lèt, si sa nesesè	<b>Dra ak fouro pou kabann</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Moun ki la pou pran swen manm nan fanmi a               <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Matla gonflab oswa bèso ak dra pou bebe</li> <li><input type="checkbox"/> Chèz gazon oswa chèz detant pòtatif</li> </ul> </li> <li><input type="checkbox"/> Pou Kliyan ki gen bezwen espesyal:               <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Dra pou kabann (Y ap bay yon bèso medikal)</li> <li><input type="checkbox"/> Chèz gazon oswa chèz detant pòtatif</li> </ul> </li> </ul> <b>SWEN TIMOUN</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Sèvyèt wayps pou tibebe</li> <li><input type="checkbox"/> Kouch daypè</li> <li><input type="checkbox"/> Lèt fòmil/manje</li> <li><input type="checkbox"/> Dra lenn, bagay pou dòmi</li> <li><input type="checkbox"/> Medikaman (Si yo preskri sa pou tibebe)</li> </ul>
<b>ATIK DIVÈTISMAN AK EKIPMAN PÈSÒNÈL</b>	
<input type="checkbox"/> Telefon selilè ak chajè <input type="checkbox"/> Jwèt ak/oswa materyèl lekti (pa egzanp, magazin ak liv) <input type="checkbox"/> Radyo <input type="checkbox"/> Ekstra batri <input type="checkbox"/> Lanp pòch <input type="checkbox"/> Pwotèz dan <input type="checkbox"/> Aparèy pou ede moun tandé ak pil anplis <input type="checkbox"/> Yon pè gan pwès pou itilize pandan w ap itilize chèz woulant sou vit ak debri. <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Atik ki gen rapò ak COVID-19</li> <li><input type="checkbox"/> Mas, gan</li> <li><input type="checkbox"/> Sèvyèt dezenfekstan, sanitazè, elatriye.</li> </ul>	<b>PWOVIZYON POU BÈT SÈVIS</b> <ul style="list-style-type: none"> <li><input type="checkbox"/> Manje, asyèt ak medikaman</li> <li><input type="checkbox"/> Sachè plastik, gan jetab, ak lôt founiti nesesè</li> <li><input type="checkbox"/> Jwèt pou bêt (si sa nesesè)</li> </ul> <b>YO PA OTORIZE ATIK SA YO NAN ABRI A</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>❖ <i>Bèt konpayi ni bêt sipò emosyonèl (<b>SELMAN bêt sèvis</b>) Yo ka mande prèv vaksinasyon</i></li> <li>❖ <i>Zam a fe oswa zam</i></li> <li>❖ <i>Bwason ki gen alkòl oswa dwòg ilegal</i></li> <li>❖ <i>Atik manje ki ka gate</i></li> </ul>


**SI W GEN NENPÒT KESYON,**  
**TANPRI RELE DIVIZYON JESYON IJANS BROWARD NAN 954-831-3902**

# KAT ABRI IJANS

Tout abri sa yo ka pa ouvri pandan yon ijans. Yo ouvri selon bezwen. Si posib, rete ak fanmi oswa zammi andeyò yon zòn evakyasyon se premye bagay ou dwe fè

ak pi bon opsyon an. Suiv sitwèb konte Broward la, Broward.org/Hurricane, estasyon televizyon lokal yo oswa rele Liy telefòn dirèk ijans nou an nan 311 oswa 954-831-4000 pou konnen lè abri yo ap ouvri.

Abri ijans yo se yon sèvis komisyón konte Broward la ak konsèy lekòl konte Broward la. Moun ki rete nan zòn ba oswa bò kote dlo ki gen mare ta dwe chèche refij yon lòt kote si kondisyon yo pèmèt sa. **TOU** rezidan kay mobil ki nan PLAN A ak PLAN B yo dwe evakye epi yo ka resevwa lòd pou yo evakye si kondisyon tanpèt twopikal yo jistifye sa



Yon sèvis konsèy komisyón konte Broward. Yon anplwayè ak founisè sèvis ki garanti opòtinite egal ego

**Abri pou moun ki gen bezwen espesyal:** Abri sa yo se pou moun ki gen pwoblèm sante ki pa bezwen entène lopital. Yo bay asistans mediikal debaz ak siveyans. Li vrèman rekòmande pou w enskri davans nan nimewo 954-831-3902 (TTY 954-831-3940).

**Abri ki aksepte bêt konpayi:** Rete lakay fanmi, zanmi oswa nan yon otèl ki aksepte bêt konpayi andeyò yon zòn evakyasyon I ta dwe premye e pi bon opsyon ou. Gen abri ki aksepte bêt konpayi ki disponib selon prensip premye rive, premye sèvi. Bêt konpayi yo aksepte gen ladan yo: chen, chat, zwazo domestik, lapen, jèbil, kochon deng, sourit ak amstè. Tout bêt konpayi yo dwe nan yon kaj/kès epi tout chen dwe gen yon kolye ak yon lès. Moun ki evakye yo dwe montre prèv sètifikasi raj pou chen ak chat yo. Rezidan yo ta dwe prepare pou montre plak enskripsyon konte Broward bêt kay yo a. Moun ki evakye yo ta dwe pote founiti swen nesesè pou yon semèn tankou, manje ak dlo, bòl manje/dlo, fatra chat ak bwat fatra, medikaman, pwodui netwayaj, elatriye.

## Popilasyon jeneral ak abri ki aksepte bêt konpayi

- 1. Arthur Ashe/Rock Island**  
1701 NW 23rd Ave, Fort Lauderdale 33311
- 2. Lyons Creek Middle School - Bêt kay yo pèmèt**  
4333 Sol Press Blvd, Coconut Creek 33073
- 3. Coral Glades High School**  
2700 Sportsplex Dr, Coral Springs 33065
- 4. Everglades High School - Bêt kay yo pèmèt**  
17100 SW 48th Ct, Miramar 33027
- 5. New Renaissance Middle School**  
10701 Miramar Blvd, Miramar 33025
- 6. Falcon Cove Middle School - Bêt kay yo pèmèt**  
4251 Bonaventure Blvd, Weston 33332
- 7. Monarch High School**  
5050 Wiles Rd, Coconut Creek 33073
- 8. Silver Trail Middle School**  
8300 Sheridan St, Pembroke Pines 33331
- 9. West Broward High School**  
500 NW 209th Ave, Pembroke Pines 33029
- 10. Pines Middle School**  
200 NW Douglas Rd, Pembroke Pines 33024
- 11. Orange Brook Elementary School**  
715 S 46th Ave, Hollywood 33021
- 12. Panther Run Elementary School**  
801 NW 172nd Ave, Pembroke Pines 33029
- 13. Parkside Elementary School**  
10257 NW 29th St, Coral Springs 33065
- 14. Park Trails Elementary School**  
10700 Trails End Rd, Parkland 33076
- 15. Silver Lakes Elementary School**  
2300 SW 173rd Ave, Miramar 33027
- 16. Plantation Elementary School**  
651 NW 42nd Ave, Plantation 33317
- 17. Liberty Elementary School**  
2450 Banks Rd, Margate 33063
- 18. Beachside Montessori Village**  
2230 Lincoln St, Hollywood 33020
- 19. Dolphin Bay Elementary School**  
16450 Miramar Pkwy, Miramar 33027
- 20. Tradewinds Elementary School**  
5400 Johnson Rd, Coconut Creek 33073
- 21. Park Lakes Elementary School**  
3925 N State Rd 7, Lauderdale Lakes 33319
- 22. Gator Run Elementary School**  
1101 Glades Pkwy, Weston 33327
- 23. Coconut Palm Elementary School**  
13601 Monarch Lakes Blvd, Miramar 33027
- 24. Coral Cove Elementary School**  
5100 SW 148th Ave, Miramar 33027
- 25. Everglades Elementary School**  
2900 Bonaventure Blvd, Weston 33331
- 26. Silver Shores Elementary School**  
1701 SW 160th Ave, Miramar 33027
- 27. Sunset Lakes Elementary School**  
18400 SW 25th St, Miramar 33029
- 28. Manatee Bay Elementary School**  
19200 Manatee Isles Dr, Weston 33332
- 29. Lakeside Elementary School**  
900 NW 136th Ave, Pembroke Pines 33026
- 30. Pompano Beach High School**  
600 NE 13th Ave, Pompano Beach 33060
- 31. Fox Trail Elementary School**  
1250 Nob Hill Rd, Davie 33324
- 32. Silver Palms Elementary School**  
1209 NW 155th Ave, Pembroke Pines 33028
- 33. Watkins Elementary School**  
3520 S W 52nd Ave, Pembroke Park 33023
- 34. Challenger Elementary School**  
5703 NW 94th Ave, Tamarac 33321
- 35. Gulfstream Academy of Hallandale Beach**  
1000 SW 3th St, Hallandale 33009

Last Updated: 06/03/2024

# SA W DWE POTE



## POU YON ABRI JENERAL POU POPILASYON AN

- Idantifikasyon
- Bagay pou kabann konpak tankou zòrye, dra, ak matla gonflab
- Jwèt, materyèl lekti, telefòn selilè, ak aparèy mobil ak tout chajè, pil, elatriye.
- Ti goute ki pa gate fasil (sa ki gen ladan I manje espesyal ki fèt ak lèt)
- Rad anplis pou chanje, sèvyèt ijenik oswa lòt pwodui iijyen
- Flach, Medikaman
- Kat enfòmasyon sante nan ka ijans ak lis kontak ijans
- Radyo ki mache ak pil, Dlo
- Founiti pou timoun, granmoun ak manm fanmi an ki andikape (jwèt, lèt an poud pou tibebe, kouchèt, wakè pou mache, chèz woulant, ak aparèy pou tandé, elatriye) si sa aplikab. Dokiman enpòtan tankou sètifica nesans ak/oswa maryaj, kat sekirite sosyal, paspò, dosye vaksinasyon, testaman, tit machin, kontra asirans, aksyon, bon, ak dosye elektwonik enpòtan
- Sèvis Animal, si yo satisfè egzijans Lwa Federal la

## NAN YON ABRI POU MOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Anplis lis abri jeneral popilasyon an, pote bagay sa yo:

- Èd komunikasyon (papye, kreyon, plim, ak/oswa aparèy mobil)
- Pil oswa chajè pou ede nan komunikasyon
- Kat enfòmasyon sante nan ka ijans ak lis kontak ijans
- Ekipman pou deplase (wakè pou mache, chèz woulant) Aparèy pou abiye
- Pwodui sanitè
- Aparèy pou tandé ak pil, Aparèy monitè sante
- Pwotèz dantè oswa aparèy pou kenbe dan
- Gan pwès pou itilize chèz woulant
- Manje espesyal ki fèt ak lèt, si sa nesesè (yo bay manje nan abri a)
- Bagay pou kabann konpak (bèso medikal disponib)
- Chèz pliyan pou gazon/repoze, founiti ak idantifikasyon pou sèvis animal



# KOURI SOTI NAN TANPÈT LA



PANDAN TANPÈT LA

Yon fwa yon tanpèt rive, gen kèk lòt mezi ou ka pran pou pwoteje tout moun otank posib.

- Rete anndan kay la nan yon kote ki an sekirite, oubyen nan "chanm sekirite." Yon bon kote pou yon "chanm sekirite" a ye se yon chanm anndan nan etaj ki pi ba nan kay la. Plaka, twalèt ak ti chanm depo ki gen yon sèl pòt epi san fenèt byen adapte kòm "chanm sekirite." Twalèt anba yo gen avantaj anplis paske yo gen yon rezèv dlo ak yon twalèt. Pati ki pi solid nan yon kay anjeneral se kote ki lwen fenèt ak pòt deyò yo. Sonje byen yon espas ou chwazi kòm "chanm sekirite" ta dwe fasil pou w antre byen rapid e li pa dwe gen obstak sou wout li, pou moun ki ladan l yo pa blese akoz bagay ki sot tonbe sou yo. Yon twalèt souvan yon pi bon chwa pase yon klozèt pandri oswa yon espas depo
- Mete sèvyèt sou rebò fenèt yo ak anba pòt ki bay sou deyò yo pou anpeche dlo antre. Kenbe bokit, mòp, ak eponj sou la men pou si gen inondasyon
- Mete bagay ki gen valè yo sou yon tab oswa nan yon kote ki wo pou si gen inondasyon
- Pa soti deyò pandan je siklòn nan ap pase sof si sa vrèman nesesè pou fè reparasyon. Siklòn nan pa fini. Sa k pi mal la ka rive yon fwa je katastwòf la pase epi van an soufle nan direksyon opoze a
- Tònad ka parèt nenpòt lè pandan yon siklòn. Siveye estasyon lokal ou yo epi si yo bay yon avètisman pou tònad, mete w alabri nan yon koulwa anndan oubyen nan nivo ki pi ba a si w nan yon bilding ki wo. Rete lwen pòt ak fenèt an vit yo. Ou kapab abrite w anba mèb lou nan mitan yon kay
- Kite dijonktè prensipal la limen amwenske elektrisite a koupe. Si elektrisite a koupe, etenn klimatizè, frijidè, frizè, televizyon ak òdinatè pou evite possiblité pou yo domaje akoz gwo tansyon elektrik. Si elektrisite a retounen epi li stab, ou ka ouvri yo ankò
- Sèvi ak lanp pòch pou ekleraj lè elektrisite a koupe. Pa sèvi ak chandèl oswa okenn lòt kalite flanm dife, paske ponpye yo gendwa pa kapab reponn a yon dife pandan yon siklòn
- Itilize telefòn pou ijans sèlman. Liy telefòn okipe ka bloke apèl ijans pou lapolis, ponpye, sèvis medikal ijans ak inite katastwòf Lakwa Wouj
- Ouvri pòt frijidè ak frizè yo otank posib epi mete yo sou tanperati ki pi frèt la. Rete lwen bwat fizib la, dijonktè prensipal la, ak priz elektrik yo si gen inondasyon.
- Nòmalman, kouran elektrik la ap koupe depi gen inondasyon

Pou plis enfòmasyon sou espas ki an sekirite, vizite sitwèb Florida Alliance for Safe Homes nan [Flash.org](http://Flash.org)

# SI YO PRAN KOURAN...

## RETE KALM

Lefètke siklòn yo rive pandan peryòd ki pi cho nan ane a nan Sid Florid, fatig akoz chalè ak lòt maladi ki lye ak chalè vin yon bagay pou konsidere lè elektrisite a koupe epi kay yo san klimatizasyon. Pwoblèm ka vin devlope apre plizyè jou ekspozisyon an gwo tanperati ak ranplasman ki pa apwopriye oswa ki dezekilibre nan likid. Men kèk konsèy ki soti nan sant pou kontwòl ak prevansyon maladi yo ak Prevansyon:

- Bwè bwason fre, san alkòl, san kafeyin. Si doktè w la limite kantite likid ou bwè oubyen si w ap pran konprime, mande l ki kantite ou ta dwe bwè lè I fè cho. Epitou, evite likid ki twò frèt paske yo ka bay krang
- Repoze souvan
- Pran yon beny frèt, yon beny oswa yon beny ak eponj
- Si posib, chèche yon anviwònman ki gen klimatizè tankou yon sant komèsyal oswa yon bibliyotèk piblik, si yo gen elektrisite
- Mete rad lejè, koulè klè. Si posib, rete anndan kay la pandan chalè lajounen an
- Evite aktivite ki mande anpil efò
- Siy fatig akoz chalè ka gen ladan yo swe anpil, po pal, krang nan misk, fatig, feblès, vètij, maltèt, kè plen oswa vomisman, endispozisyon, po frèt e imid, batman kè rapid e fèb, ak respirasyon rapid e sipèfisyèl. Si w santi sentòm sa yo, chèche konsilte yon doktè

## RETE KALM

Pandan pàn elektrisite, estasyon ponp ki nòmalman ponpe dlo egou/dlo ki itilize yo ka pa ap fonksyone si yo pa alimante ak yon dèlko. Tanpri limite itilizasyon dlo k ap koule yo paske sistèm nan ka debòde nan lari a, nan douch, nan twalèt ak nan drenaj lavabo lakay ou.

## PA BWÈ DLO A

Si yo bay lòd pou bouyi dlo nan zòn ou an, suivenstriksyon sa yo ki soti nan depatman sante florid nan Konte Broward:

- Bouyi dlo a pandan yon minit pou touye mikwòb yo
- Si w pa gen elektrisite, ou ka melanje uit gout (1/8 ti kiyè te) klowòks san odè pou chak galon dlo epi kite I repoze pandan 30 minit. Si dlo a pa klè, ajoute 16 gout (1/4 ti kiyè te) epi kite I repoze pandan 30 minit. Dlo a p ap toksik, menmsi li ka gen yon odè ak yon gou kloròks
- Si yo bay lòd pou bouyi dlo, sonje limit sistèm dlo a pa toujou koresponn ak limit vil la

## RETE KALM

Koute estasyon radyo ak televizyon lokal yo pou anons kouvrefe. Wout ak otowout yo ka bloke, epi danje nou pa wè ka egziste apre solèy la fin kouche tankou pyebwa ak liy elektrik ki tonbe, sitou nan zòn ki inonde. Lapolis ak sèvis ijans yo ka anba presyon. Tout rezidan ak biznis yo dwe respekte lwa kouvrefe yo. Eksepsyon pou lalwa konsènan pèsonèl esansyèl tankou lapolis, ponpye, travayè lopital oswa lòt travayè swen sante, jesyon ijans, ak lòt moun ki enplike nan efò rekiperasyon yo.

# RETE AN SEKIRITE APRÈ TANPÈT LA

Kèk nan pi gwo danje siklòn yo parèt apre yon tanpèt la fin pase. Kenbe konsèy enpòtan sa yo nan lespri w:

- Konsidere tout liy elektrik ki tonbe yo tankou sous kouran. Si w wè yon liy elektrik k ap fè etensèl dife oswa k ap fè spak, rele 911
- Mache ak prekosyon epi evite dlo ki rete poze ki ka gen fil elektrik oswa objè danjere ki tonbe ladan yo.
- Lari ki chaje ak debri yo danjere. Sèpan ak ensèk ki gen pwazon ka yon danje
- Pa kondui amwenske se yon ijans. Pran prekosyon pou fè prevansyon dife.
- Pwoteje pwopriyete a kont plis domaj. Fè reprezantan asirans yo konnen nenpòt pèt ki fèt
- Pran foto oswa yon vidéyo zòn ki domaje yo pou jistifye reklamasyon w lan
- Prepare yon envantè detaye sou pwopriyete ki domaje oswa ki detwi pou ekspè a. Mete yon deskripsyon pou atik la, dat acha a, pri li te koute nan moman acha a, ak pri estimasyon ranplasman an
- Se pou nou pasyan. Reprezantan asirans yo pral rezoud ka difisil yo an premye

## ATANSYON AK DANJE INONDASYON

**Si gen inondasyon lakay ou oswa nan biznis ou, asire w biling lan pa an danje pou I tonbe,** epi fè atansyon ak debri ki lach e ki ka tonbe

**Si dlo inondasyon an rive sou byen w yo,** y ap konsidere yo kontamine

**Si kay ou a gen sèvis gaz natirèl,** fè atansyon ak lafimen gaz yo

**Pa bwè dlo nan wobinèt** eksepte si yo di yo trete pou bwè



## Konsèy sekirite pou jeneratè

Jeneratè yo itil pou yon ti tan, men yo ka danjere anpil. Danje yo gen ladan anpwazònman monoksid kabòn ki soti nan echapman motè toksik, chòk elektrik, elektwokisyon, ak dife.

- Sèvi ak yon elektrisyen ki gen lisans pou fè enstalasyon pèmanan yon dèlko.
- Sèvi ak dèlko a selon enstriksyon manifakti a
- Mete dèlko pòtab yo deyò nan yon zòn ki byen ayere, PA JANM mete l andedan yon kay, tankou garaj oswa espas ki anba kay la. Pa konekte l dirèkteman ak lakay ou
- Si w kòmanse santi w malad, gen vèti oswa feblès pandan w ap itilize yon dèlko, soti deyò pou respire lè fre tousuit
- Pa mete gaz nan yon dèlko pandan l ap mache

# RAMANSE MOSO YO

Apre sikelon nan, ranmasaj debri yo varye selon minisipalite a. Menmsi w pa ka ranmase fatra ak debri yo tousuit, si yo byen mare, y ap retire yo finalman. Ede nan akselerasyon pwosesis netwayaj la lè w byen separe fatra yo:

**Fatra jaden** ki koupe e ki anpile (tankou branch bwa, bout bwa, ak lòt debri vejetal); mete ti materyèl lejè nan sak epi mete yo sou kanal yo

**Debri konstriksyon ak sa ki anndan bilding nan** (tankou materyèl kloti, twil twati, moustikè, fenèt, tapi, ankadreman ki kase, gri galri/pisinn ki chire)

**Dechè ak fatra òdinè**. Mete pil debri yo yon fason separe sou kanal yo, lwen liy elektrik, bwat lèt, pyebwa, idran ponpye, tiyo, kontè dlo, liy gaz, ak drenaj lapli yo



## ASIRE W KONTRAKTÈ W LA GEN LISANS

Pou tcheke sitiyasyon yon kontraktè, oubyen pou depoze yon plent, vizite [Broward.org/Building](#) epi seleksyone Search Contractors oubyen rele nan 954-765-4400, opsyon 2. Ou ka rele departman règleman biznis pwofesyonèl Eta Florid la tou nan 850-487-1395

## POU EDE W FÈ FAS AK SITIYASYON AN

**Pale konsènan sa.** Lè w wè lòt moun pataje menm eksperyans ak santiman ak ou, sa ka soulaje strès ou genyen

**Fè yon bagay alafwa.** Chwazi yon travay epi fini l, apre sa chwazi yon lòt Retounen nan yon woutin. Reprann woutin familyal ou pi vit posib apre yon sikelon. Sa enpòtan, espesyalman pou timoun. Li bay yon sans nòmalite ak sekirite, e souvan li rebay yon fanmi vi

**Si w kapab, ede lòt.** Bay san, oubyen prepare "pakè swen" pou moun ki fè eksperyans yon pèt. Pote w volontè nan efò rekonstriksyon an. Ede lòt moun ka fè w santi w itil nan yon sitiyasyon ki sanble pa anba kontwòl ou

**Evite dwòg ak eksè nan bwason.** Dwòg ak alkòl ka sanble ede w santi w pi byen, men alafen, yo kreye plis pwoblèm ki vin agrave strès ou te deja genyen an jeneralman

**Mande èd si w bezwen sa.** Si nivo strès ou a pa kòmanse diminye, pale ak yon moun fanmi ou fè konfyans, yon zanmi.

## PWÒGRAM EVALYASYON DOMAJ KAY LA

Pwogram evalyasyon domaj kay konte Broward la pèmèt rezidan yo ede nan idantifye zòn ki devaste yo byen vit. Pou rapòte domaj pa mwayen telefòn, rele 311. Sonje, ou dwe gen aksè a foto yo pou fè yon rapò.

anvan yon evènman:

- Pran foto lakay ou epi mete enfòmasyon sa yo nan mesaj ijans ou an kit preparasyon
- Telechaje aplikasyon evalyasyon domaj kay la lè w vizite aplikasyon magazen an oubyen lè w eskane kòd QR ki anba a ak telefòn entelijan w genyen.



Download on the  
App Store

# PREPARASYON POU SIKLÒN



Area Agency on Aging  
of Broward County

## MEZI ENPÒTAN POU PRAN APRÈ SEZON SIKLÒN NAN:

Anvan sezon siklòn nan kòmanse, se yon bon moman pou konsantre sou egzamine ak reapproviziònman pwovizyon ijans ou yo epi enskri nanrejis popilasyon vilnerab la.

### REVIZYON IJANS

#### FOUINITI

Verifye kit ijans ou. Ranpli kèlkeswa atik ki ekspire oswa ki prèske fini yo ankò.



### RETE KONEKTE AK CHANÈL KOMINIKASYON YO

Rete enfòme ak previzyon meteyolojik yo atravè nouvèl lokal yo, radyo, oswa aplikasyon meteyolojik yo. Familyarize w ak wout evakyasyon lokal ou a ak abri ki deziyen pou ou yo. Sa k pi enpòtan, rete enfòme konsènan nenpòt konsèy lokal oswa mizajou otorite yo



### ENSPEKTE KAY OU AK PWOPRIYETE W

Chèche nenpòt feblès potansyèl, tankou twou nan twati, kouvèti twati ki lach, goutyè domaje, fenèt fann, oswa domaj materyèl. Fè kèlkeswa reparasyon ki nesesè pou ranfòse kay ou a.



### SUIV ENSTRIKSYON YO

Toujou suiv enstriksyon otorite lokal yo konsènan preparasyon ak repons pou siklòn. Pare pou w evake si yo bay yon lòd evakyasyon.



### ENSKRI SOU REJIS POPILASYON VILNERAB LA

#### Ki moun ki ta dwe enskri alavans nan rejis popilasyon vilnerab la?

Moun ki riske akoz yon andikap, feblès, oswa pwoblèm sante, kèlkeswa laj yo, epi ki chwazi pou yo pran refij nan yon lokal (sa vle di lakay yo) nan ka ta gen yon siklòn oswa lòt ijans.

#### Kilè w ta dwe enskri?

Enskripsyon an ta dwe fèt anvan yon ijans. Men, yo aksepte enskripsyon pandan tout ane a.

#### Rezidan nan zòn nan sèlman bezwen enskri yon sèl fwa!

Sou entènèt nan Broward.org/Registry, oswalè w rele sant apèl Konte Broward la nan nimewo 311 oubyen 954-831-4000 (TTY 954-831-3940).

Sezon ane sa a te kòmanse 1ye jen ofisyèlman epi l ap fini 30 novanm. Achte founiti epi mete lis nimewo enpòtan w yo ajou pandan tan sa a.



Area Agency on Aging  
of Broward County